

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain jeung Méthode Panalungtikan


Numutkeun Suwanda (2011, kc. 1) désain nya éta sagala hal anu geus dirancang, disiapkeun, atawa diprogramkeun. Campbell jeung Stanley (dina Arikunto, 2013, kc.123) ngawincik désain dumasar kana alus-henteuna ékspérimén, atawa sampurna henteuna ékspérimén. Sacara gurat badag kawincik jadi : 1) pre experimental design (ékspérimén anu can alus) ; jeung 2) true expperimental (ékspérimén anu dianggap geus alus).

Dumasar kana pedaran diluhur, métode anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta pre experimental design nya éta panalungtikan anu ngagunakeun kelas ékspérimén anu henteu make kelas control. Tujuan ngagunakeun métode ieu nya éta ngukur kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita samemeh jeung sanggeus ngagunakeun tehnik nyarita semi terpimpin.

Pre experimental design biasa disebut ogé ku istilah “quasi experiment” atawa ékspérimén bobohongan sabab ékspérimén ieu can nyumponan syarat ékspérimén anu ilmiah jeung can nuturkeun peraturan-peraturan anu tangtu.

Aya tilu désain anu diasupkeun kana kategori pre experimental design, nya éta 1) one shot case study; 2) pretés and pascatest; 3) static group comparison. Dumasar pedaran diluhur dina panalungtikan ieu ngagunakeun désain pretés jeung pascatést. Dina kagiatan pre test siswa dibéré soal lisan jeung soal bergambar pikeun mikanyaho kabeungharan kecap basa Sundana saacan dibéré treatment atawa perlakuan . Hasil pre test bakal dibandingkeun jeung hasil diajar siswa saenggeus ngagunakeun téhnik semi nyarita terpimpin dina hasil post test. Hasil pre test jeung post test bakal di analisis sacara statistik ku cara ngabandingkeun pre test jeung post test. Dina babandingan ieu ka sawang sakumaha efektivitas tehnik semi nyarita terpimpin ieu.

Dumasar pedaran diluhur katiten yén diayakeun dua kali tés samemeh jeung saenggeus ngagunakeunperlakuan atawa treatment. Sangkan leuwih jéntré, désain panalungtikan kuasi ékspérimén anu digunakeun dina ieu panalungtikan saperti ieu dihandap.



Gambar 3.1

Désain Panalungtikan prates & pascatés Group

Katerangan :

O1 : tés awal (saméméh ngagunakeun tehnik nyarita semi terpimpin)

O2: tés ahir (saenggeus ngagunakeun tehnik nyarita semi terpimpin)

X : perlakuan (treatment)

3.2 Data jeung Sumber Data

Data penalungtikan ieu nya éta sakabéh tina pratés jeung pascatés siswa kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.

Ari sumber data dina ieu panalungtikan nya éta siswa kelas IV SLB AL-faza SUMEDANG TAUN AJARAN 2016/2017 anu jumlah siswa na aya 4 siswa lalaki 2 jeung siswa awewe 2.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Numutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrument nya éta alat bantu atawa fasilitas anu dipilih atawa digunakeun ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data sangkan éta kagiatan jadi system anu babari dipigawé. Instrument panalungtikan kawilang pentingna dina proses panalungtikan sabab instrument panalungtikan bisa jadi alat bantu pikeun ngukur kahontal henteuna tujuan panalungtikan.

Dumasar kana hal éta pikeun meunangkeun data hasil panalungtikam anu mangrupa kabeungharan kecap siswa tunagrahita hampang kelas IV SLB Al-Faza Sumedang, instrumen anu digunakeun dina panalungtikan ieu nya éta tés lisan diantaranakecap ngeunan anggota kulawarga ,pangaresep jeung lingkungan padumukan.

Table 3.1
Kisi-kisi Instrument Penelitian

No.	Aspek anu dianalisis	Sub Aspek anu Dianalisis	Indicator
1	Kamampuh kabeungharan kecap	Paguneman sacara sederhana ngeunaan kulawarga jeung lingkungan padumukan	Bisa nyebutkeun ngaran sorangan, kolot, dulur jeung alamat imah Bisa nyebutkeun ngaran babaturan Bisa nyaritakeun kagiatan sapopoé Bisa nyaritakeun lingkungan padumukanna
		Mampu nyebutkeun kekecapan kalawan bener	Bisa nyebutkeun ngaran sasatoan Bisa nyebutkeun ngaran tatangkalan

3.4 Prosedur Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan aya sawatara léngkah anu dilakukeun salila panalungtikan ti awal népi ka ahir panalungtikan, anapon léngkah-léngkah anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta :

a) Tahap Tatahar

Saméméh ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik ngalaksanakeun heula wawancara jeung guru basa Sunda SLB Al-Faza Sumedang ngeunaan masalah anu karandapan nalika ngajarkeun pangajaran Basa Sunda hususna ngeunaan Kabeungharan kecap basa Sunda. Panalungtik nyusun léngkah-léngkah anu baris dilaksanakeun dina panalungtikan,

Widya Sholehah, 2017

PANGARUH TÉHNIK NYARITA SÉMI TERPIMPIN KANA HASIL PANGAJARAN KABEUNGHARAN KECAP BASA SUNDA SISWA TUNAGRAHITA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtik ngagunakeun téhnik nyarita semi térpimpin pikeun ngungkulan masalah kabeungharan kecap basa Sunda siswa.

Dina ieu panalungtikan aya dua variable nya éta variable bébas jeung variable kauger. Variable bébas nya éta variable anu ka pangaruhan ku variable anu séjén, sedengkeun variable kauger nya éta variable anu di pangaruhan ku variable bébas.

Variable bébas dina ieu panalungtikan nya éta téhnik nyarita semi térpimpin anu mangaruhan, sedeungkeun variable kaugerna nya éta kamampuh kabeungharan kecap siswa tunagrahita SLB Al-Faza Sumedang.

b) Ngalaksanakeun Palungtikan

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data nya éta ngagunakeun tés, tés dilakukeun dua kali, nya éta awal saméméh ngalakukeun perlakuan jeung saeunggeus ngalaksanakeun perlakuan. Tés anu awal nya éta pikeun mikanyaho kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa saméméh ngagunakeun téhnik nyarita semi térpimpin, sedeungkeun dina téh ahir nya éta pikeun mikanyaho kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa saeunggeus ngagunakeun téhnik nyarta semi térpimpin.

Anapon aya sababraha léngkah anu dilaksanakeun dina tahap ngumpulkeun data diantarana:

1. Guru ngalaksanakeun postés pikeun mikanyaho kamampuh kabeungharan kecap basa Sunda siswa
2. Guru meré pituduh ngeunaan kabeungharan kecap ngagunakeun basa Sunda
3. Siswa nyebutkeun ngaran sesuai jeung gambar anu geus diberé
4. Guru ngalaksanakeun postés pikeun mikanyaho pangaruh tehnik nyarita semi térpimpin kana kamampuh kabeungharan kecap siswa.

Bedana kamampuh kabeungharan kecap nu di pimilik ku sumber data saméméh jeung saeunggeus perlakuan bisa katitén dina babandingan skor pré-tés jeung post-tés ngaliwatan ieu panalungtikan.

c) Nganalisis Data

Data anu geus kapaluruh tuluy diolah, dina tahapan ieu panalungtik miboga pancén pikeun nganalisis data ku cara ngagunakeun rumus-rumus statistic.

d) Kacindekan

Saeunggeus tatahar, ngalaksanakeun panalungtikan, jeung nganalisis data, panalungtik nyieun kacindekan tina sakabéh kagiatan anu geus dilaksanakeun salila panalungtikan.

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik dina panalungtikan ieu ngagunakeun téhnik tés, dilaksanakeun ku cara méré pratés jeung pascaté. Dilaksanakeunna pratés mikanyaho kamampuh kabeungharan kecap siswa tunagrahita samemeh ngagunakeun téhnik nyarita sémi terpin. Dituluykeun ngalaksanakeun perlakuan (treatment) nagunakeun téhnik nyarita semi terpin. Saeungeus kitu ngalaksanakeun pascaté pikeun mikanyaho kamampuh kabeungharan kecap siswa tunagrahita saeungeus ngagunakeun téhnik nyarita semi terpin.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun meunangkeun jawaba-jawaban pasualan dina panalungtikan, data anu utama nya éta data hasil tina pratés jeung pascaté kamampuh siswa.

Data tina hasil panalungtikan diolah ditujukeun pikeun mikanyaho :

- 1) Kumaha kabeungharan kecap basa Sunda samemeh ngagunakeun tehnik nyarita sémi terpin di slb Al-Faza Sumedang ?
- 2) Kumaha kabeungharan kecap basa Sunda siswa tunagrahita saeungeus ngagunakeun tehnik nyarita sémi terpin di slb Al-Faza Sumedang ?
- 3) Naha aya bedana antara kabeungharan kecap basa Sundasiswa tunagrahita samemeh jeung sabada ngagunakeun tehnik nyarita sémi terpin ?

Pikeun maluruh tujuan anu diluhur, léngkah-léngkah analisis data dina ieu panalungtikan nya éta :

- a) Ngarekam caritaan siswa dina wangun lisan kana tulisan
- b) Méré hasil kana pratés jeung pascaté
- c) Mere peuteun kana hasil prétes jeung postés siswa dumasar kana kriteria anu dipeunteun

Tabél 3.2
Kriteria anu dipeunteun

No.	Aspek nu dipeunteun	Kategori jeung Skor				
		1	2	3	4	5
1.	Kawanteran Nyarita	Kurang pisan	Kurang	Cukup	Alus	Alus pisan
2.	Adegan basa jeung kabeungharan kecap	Kurang pisan	Kurang	Cukup	Alus	Alus pisan
3.	Kalancaran dina nyarita	Kurang pisan	Kurang	Cukup	Alus	Alus pisan

Keterangan :

a) Kawanteran nyarita

- | | |
|-----------------|--|
| 1) Kurang pisan | (1) : siswa teu wanter pisan nyarita nanya jeung ngajawab |
| 2) Kurang | (2) : siswa teu wanter nyarita jeung nanya |
| 3) Cukup | (3) : siswa wanter nyarita nanya jeung ngajawab dibantuan ku guru |
| 4) Alus | (4) : siswa wanter nanya nyarita jeung ngajawab lamun ditunjuk |
| 5) Alus pisan | (5) : siswa wanter nyarita, nanaya jeung ngajawab dumasar sorangan |

b) Adegan basa jeung kabeungharan kecap

- | | |
|-----------------|--|
| 1) Kurang pisan | (1) : siswa teu bisa nyebutkeun kecap anu dimaksud |
| 2) Kurang | (2) : siswa bisa nyebutkeun kecap anu dimaksud tapi ngagunakeun struktur basa Indonesia jeung kekecapana anu teu merenah (kamalayan) |
| 3) Cukup | (3) : siswa bisa nyebutkeun kecap anu dimaksud tapi ngagunakeun struktur basa Indonesia |
| 4) Alus | (4) : siswa bisa nyebutkeun kecap anu dimaksud |
| 5) Alus pisan | (5) : siswa bisa nyebutkeun kecap anu dimaksud kalawan merenah |

c) Kalancaran dina nyarita

- | | |
|-----------------|---|
| 1) Kurang pisan | (1) : siswa teu lancar dina nyebutkeun kecap anu dimaksud |
| 2) Kurang | (2) : siswa teu kaharti jeung teu lancar dina nyebutkeun kecap anu dimaksud |
| 3) Cukup | (3) : siswa rada kaharti jeung rada lancar dina nyebutkeun kecap anu dimaksud |
| 4) Alus | (4) : siswa kaharti jeung lancar dina nyebutkeun kecap anu dimaksud |
| 5) Alus pisan | (5) : siswa kaharti jeung lancer pisan dina nyebutkeun kecap anu dimaksud |

3.6.1 Uji Sipat Data

Uji sipat data dilakukeun sabab ayana sarat anu kudu di cumponan saacan panalungtik nangtukeun téhnik analisis statistik. Uji sipat data panalungtikan eu aya opat nya éta uji normalitas, uji homogenitas, uji gain, jeung uji hipotesis.

3.6.1.1 Uji Normalitas

Uji normalitas nya éta uji sipat data anu miboga tujuan pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Pikeun nangtukeun yén éta dta normal atawa henteu bisa ngaliwatan sababraha léngkah ieu di handap.

a) Nangtukeun peunteun nu pangédéna jeung pangleutikna

b) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus dihandap.

$$r = \text{peunteun pangédénna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

c) Nangtukeun jumlah kelas interval, kalawan rumus :

$$K = 1 + 3,3 \log n$$

d) Nangtukeun panjang kelas interval:

$$p = \frac{r}{k}$$

e) Nangtukeun tabél distribusi frékuensi peunteun tés awal jeung tés ahir kalayan ngagunakeun tabél ieu dihandap.

Tabél 3.3

Format Frékuensi Peunteun pratés jeung pascatés

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
Σ						
\bar{x}						

f) Ngitung rata-rata (mean) peunteun tés awal jeung tés ahir ngagunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\Sigma f_i x_i}{\Sigma f_i}$$

Keterangan :

\bar{x} = rata-rata (mean)

Σ = jumlah

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

g) Ngitung standar deviasi carana nya éta:

$$Sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

h) Ngitung frékuénsi obsérvasi jeung frékuénsi ékspétasi ngagunakeun ieu tabél di handap:

Tabél 3.4
Format Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Pratés

Interval	O_i	BK	Z_{itung}	Z_{tabel}	L	E_i	χ^2
\sum							
\bar{x}							

Keterangan:

O_i :Frékuénsi Obsérvasi

BK :Batasan Kelas

Z_{itung} :Transformasi Normal

Z_{tabel} :Standar Normal

L :Legana Unggal Kelas Interval

E_i :Frékuénsi ékspétasi

χ^2 :Chi kuadrat

$$\chi^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

i) Nangtukeun drajat kabébasan

$$dk = k - 3$$

(Sudjana, 2005, kc. 293)

- j) Nangtukeun harga X^2 tabél
- k) Nangtukeun normalitas naggunakeun kritéria dihandap.
 Lamun $x^2_{itung} < x^2_{tabél}$ hartina data atawa populasi distribusina normal.
 Lamun $X^2_{itung} > x^2_{tabél}$ hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

3.6.1.2 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nya éta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sample tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna data maké rumus chi kuadrat.

Anapon léngkah-léngkah ngitung uji homogénitas dina ieu panalungtikan.

- a) Ngitung variasi masing-masing kelompok pratés jeung pascatés maké rumus:

$$S_{x^2} = \frac{n \sum x^2 - (\sum x)^2}{n(n-1)}$$

$$S_{y^2} = \frac{n \sum y^2 - (\sum y)^2}{n(n-1)}$$

- b) Hasil perhitungan kana di

$$F = \frac{S_{besar}}{S_{kecil}}$$

- c) Nangtukeun derajat kébébasan:

$$dk = n - 1$$

- d) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap:

$F_{itung} > F_{tabél}$ hartina data teu homogén

$F_{itung} < F_{tabél}$ hartina data homogén

3.6.2 Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun ayana béda anu signifikan antara hasil pratés jeung pascatés, hasil tina hasil uji gain, bisa meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunna téhnik nyarita semi terpimpin dina pangajaran Basa Sunda siswa tungrahita kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.

Léngkah-léngkah dina ujian gain nya éta ngagunaekun table ieu dihandap .

Tabél 3.5
Uji Gain Tingkat Kabeungharan Kecap Basa Sunda

No	Ngaran Siswa	Peunteun Saméméh	Peunteun Saeunggeus	d	d^2
Σ					
\bar{x}					

3.6.3 Uji Hipotésis

Hipotésis asalna tina “hipo” anu hartina dihandap jeung “tesis” anu hartina bebeneran. Jadi hipotésisi nya éta dugaan anu can tangtu bener, disebut bener lamun geus dirojong ku bukti-bukti anu geus diuji ngaliwatan hiji panalungtikan (Arikunto, 2013, kc.45). Pikeun nangtukeun ditolak atawa henteuna hipotésis anu geus dirumuskeun, dilakukeun uji hipotésis ngagunakeun statistik paramétris jeung statistik non paramétris.

a) Statistik Paramétris

Statistik paramétris digunakeun nalika data hasil uji normalitas nunjukeun distribusi data normal, mangka nguji hipotésisi maké kaidah-kaidah statistik paramétris kalawan Léngkah-léngkah dina statistik paramétris nya éta saperti ieu dihandap:

a) Nurutkeun Arikunto (2013, kc.350) ngitung rata-rata (mean) tina bédana antara hasil prétes jeung postés kalawan maké rumus ;

$$Md = \frac{\Sigma d}{N}$$

b) Nurutkeun Sudjana (2013, kc. 146) ngitung darajat kabébasan (dk), kalawan maké rumus ;

$$dk = n - 1$$

c) Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 351) ngitung jumlah kuadrat déviiasi, kalawan maké rumus ;

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 - \frac{(\Sigma d)^2}{N}$$

d) Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 350) ngitung t, kalawan maké rumus;

Widya Sholehah, 2017

PANGARUH TÉHNIK NYARITA SÉMI TERPIMPIN KANA HASIL PANGAJARAN KABEUNGHARAN KECAP BASA SUNDA SISWA TUNAGRAHITA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{N(n-1)}}}$$

e) Ditarima henteu na hipotésis dumasar kana kritéria-kritéria ieu dihandap

1) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$ hartina hipotésis ditarima, yén téhnik nyarita sémi térpimpin nagronjatkeun kabeungharan kecap siswa kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.

2) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$ hartina hipotésis ditolak, yén téhnik nyarita sémi térpimpin teu ngaronjetkeun kabeungharan kecap siswa IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.

b) Statistik Non-Paramétris

Statistik non-paramétris digunakeun saupama data hasil uji normalitas téh nuduhkeun yén data miboga distribusi data anu teu normal, dina nguji éta data kalawan ngagunakeun uji Wilcoxon.

Sudjana (2013, kc. 450) léngkah-léngkah uji Wilcoxon, nya éta :

- a) Asupkeun data pratés siswa kana kolom ka-2 (XA1)
- b) Asupkeun peunteun postés siswa kana kolom ka-3 (XB1)
- c) Itung bédana antara pratés jeung postés ku cara XA1-XB1 tuluy asupkeun kana kolom ka-4
- d) Nangtukeun jenjang ku cara nataan hasil béda tina kolom ka-4 ti mimiti nilai bédana anu pangleutikna nepi anu panggedéna;
- e) Saeunggeus disusun (misalkeun aya nilai anu sarua), pikeun nangtukeun jenjangna éta nilai tuluy dibagi dua, nilai tina hasil ngabagi téh mangrupa hasil jenjangna;
- f) Saeunggeus disusun, asupkeun nilai jenjang JB kana kolom ka-5
- g) Ngasupkeun nilai jenjang anu positif kana kolom ka-6, misalkeun aya nilai béda anu negative asupkeun kana kolom ka-7
- h) Tinggali kana table harga-harga kritis uji Wilcoxon, mislana jumlah $n=23$ kalawan ngagunakeun taraf kasalahan 5% $W_{tabel} = 73$
- i) Data anu geus di itung tuluy diasupkeun kana tabél uji Wilcoxon ieu dihandap

Tabél 3.6
Tabél Uji Wilcoxon

No	XAI	XBI	Béda	Tanda Jenjang
----	-----	-----	------	---------------

			XAI-XBI	Jenjang	+	-

- j) Ditarima henteuna hipotésis dina uji wilcoxon ngagunakuen kritéria ieu dihandap.
- 1) Saupama $w_{itung} (-) < w_{tabel}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukuen, hartina H_a ditarima. Téhnik Nyarita Sémi Terpimpin bisa ngaronjatkeun kabeungharan kecap siswa kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.
 - 2) Saupama $w_{itung} > w_{tabel}$ dumasar taraf nyata anu ditangtukeun, hartina H_a ditolak. Téhnik Nyarita Sémi Terpimpin bisa ngaronjatkeun kabeungharan kecap siswa kelas IV SLB Al-Faza Sumedang taun ajaran 2016/2017.